# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# जुलुम ढ़ाहे वाला से उपदेशक

लेखकः Edward Hughes
ब्याख्याकरः Janie Forest
अनुकूलितः Ruth Klassen
Alastair Paterson
अनुवादकः सुरेश मसीह
उत्पादितः Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2020 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला
बशर्ते की आप ओके बेचब ना।



परमेश्वर अपनी शुरुआती कलीसिया में लोगन की द्‌वारा बड़े बड़े काम कइलें। फिलिप्पुस नामक एगो आदमी भीड़भाड़ वाला शहर में लोगन के यीशु की बारे में बतावला में व्यस्त रहलन। परन्तु परमेश्वर उनके रेगिस्तान में भेजलें, काँहे?

परमेश्वर जानत रहल की रेगिस्तान में एगो यात्री बाड़े, जे इथियोपिया की रानी कैंडेस क एगो शासक हउवन। उ अपनी घर की रास्ता, एगो विशेष किताब के पढ़ते पढ़ते जात रहलन। केवन किताब रहल, का आप अनुमान लगा सकीं ला?





फिलिप्पुस
परमेश्वर
की आज्ञा
के मनलन;
परमेश्वर
उनके सीधे ओ
शासक की पास ले
गइलन जेवन बिना
समझले किताब के पढ़त रहलन।
उ फिलिप्पुस के अपनी साथ आवे
खातिर आमंत्रित कइलन।

"एकर का मतलब भइल?" शासक फिलिप्पुस से पूछलें। जइसे ही रथ रेगिस्तान की सड़क पर झटका देके आगे बढ़ल, फिलिप्पुस आपन मुंह खोलके धर्मशास्त्र से यीशु की बारे में प्रचार कइलें।





अफ्रीकी क शासक
तुरंत ही बाइबल की संदेश
पर बिस्वास कइलें अउर स्वीकार
कइलें की यीशु मसीह ही परमेश्वर क
बेटा हँउवन। कुछ पानी के देखके उ कहलन,
"हमके बपतिस्मा लिहला से का रोक सकता बा?"

फिलिप्पुस कहलन, "यदि तूं अपनी पूरा मन से विश्वास करअ तब, तू ले सके लअ।" शासक जबाब दिहलन, "हम जानत बानी अउर बिश्वास करत बानी की यीशु मसीह ही परमेश्वर क बेटा हउवें।" फिलिप्पुस उनके पानी की पास ले गइलन अउर उनके बपतिस्मा दिहलन।



उ जब पानी से बाहर अइलन, प्रभु क आत्मा, फिलिप्पुस के दूर लेके चल गइल। ए खातिर अफ्रीकी शासक उन के ज्यादा देर तक देख ना सकलें। उ आनन्द की साथ इथियोपिया लवट अइलन!



लेकिन कुछ लोग मसीहियन से नफरत करत रहलें। स्तिफनुस, फिलिप्पुस की दोस्तन में से एगो, के क्रोधित लोग जान से मार दिहले रहलन, काँहे से कि उ यीशु की बारे में बात करत रहलन। तरसुस क शाऊल नामक एगो आदमी स्तिफनुस के मारला में मदद कइले रहल। शाऊल, सब मसीही लोगन से नफरत करत रहलन।





शाऊल क मसीहियन की खिलाफ धमकी अउर हत्या, क खबर महायाजक की पास तक गइल अउर उ पुरुष लोग या महिला लोगन के जे यीशु क अनुयायी रहलें, गिरफ्तार करे खातिर अधिकार पत्र मिलल।



तरसुस क बेचारा शाऊल! ई ना जानत रहल की जब उ परमेश्वर की लोगन के चोट पहुँचावे लन तब, वास्तव में उ प्रभु यीशु के दर्द देबे ला। अब परमेश्वर के शाऊल के रोके के पड़ी। लेकिन कइसे?

परमेश्वर, शाऊल के
"नियंत्रित कर लिहलें"!
जब शाऊल दमिश्क
की शहर की रास्ता पर
रहलन, परमेश्वर स्वर्ग
से एगो महान प्रकाश क
किरन भेजलें। शाऊल
जमीन पर गिर गइलन।
फिर उ एगो आवाज
सुनलन।





"प्रभु, आप के हँइं?" शाऊल चिल्लइलन
"हम यीशु हँइं, जे के तू सतावत बाड़अ।"
थरथराते अउर चकित होके, शाऊल कहलन,
"हे प्रभु, आप हमसे का चाहत बानी?" अउर
तब प्रभु कहलन, "उठअ अउर शहर में जा,
तोहके उहें बतलावल जायी की का करे के बा।"



शाऊल की साथ पुरुष लोग
भी आवाज सुनलें, लेकिन
उन लोगन के कुछ दिखाई
ना दिहलस। शाऊल
जमीन पर से उठलन -
अउर अपनी आप के
आन्हर पवलें! ओ
लोग उसे दमिश्क
में ले गइलें।



ओ शहर में शाऊल तीन दिन तक आन्हर रहल, अउर ना कुछ खइलन अउर न पीयलन। शायद उ प्रभु यीशु से प्रार्थना में समय बितावत रहलन जे दमिश्क की रास्ता पर उनके मिलल रहलन।



परमेश्वर की पास सब कुछ क योजना हअ। दमिश्क में हनन्याह नाम क एगो शिष्य रहलन। प्रभु उनसे शाऊल क मदद करे की खातिर भेजलन। हनन्याह डेरा गइल रहलन। लेकिन उ परमेश्वर की बात के मनलन। जब उ शाऊल पर हाथ रखलन, तब अंधापन जात रहल – अउर शाऊल परमेश्वर की पवित्र आत्मा से भर गइलन।



शाऊल के बपतिस्मा दिहल गइल। फिर उ खइलन। जब उ भोजन ग्रहण कइलन तब बल मिलल। शाऊल के शक्ति क जरूरत रहल। उ बहुत महत्वपूर्ण काम करे वाला रहलन।



तुरंत शाऊल, सभा में मसीह क प्रचार कइलें कि प्रभु यीशु परमेश्वर क बेटा हउवें। जेतना लोग सुनलें उ सब चकित रहलें, अउर कहलन, "का ई उहे ना हउवन जे मसीहियन के नाश करत रहलन?" अउर कुछ लोग त शाऊल के मारला क साजिश भी रचलें।





शाऊल क नाया दुश्मन शाऊल के मारे खातिर शहर की फाटक पर रहलें, कि उ शहर के छोड़ के भागला क कोशिस ना कर सके। लेकिन उनकर नाया दोस्त, मसीही लोग, रात में उनके एगो बड़ टोकरी में रखके दीवार से बाहर उनके नीचे उतार दिहलें। अउर तब से, शाऊल मसीहियन पर जुल्म करे वाला अपनी नाया स्वामी, प्रभु यीशु मसीह क एगो वफादार अनुयायी की रूप में जीवन जीये लगलन।

# जुलुम ढ़ाहे वाला से उपदेशक

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

प्रेरित लोगन क काम 8-9

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16